

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil jeung pedaran panalungtikan dina bab saméméhna, bisa dicindekkeun sababaraha hal saperti ieu di handap.

- 1). Dina prosés pangajaran di sakola, peserta didik ngarasa yén média anu digunakeun ku guru nalika ngajarkeun matéri aksara Sunda téh bisa ngabantu dina prosés ngawanohkeun jeung maham aksara Sunda. Tapi, éta média anu digunakeun téh kurang inovatif. Antukna, peserta didik ngarasa bosen nalika diajar aksara Sunda sarta ngarasa yén diajar aksara Sunda téh hésé pisan jeung matak teu pikaresepeun. Pikeun ngungkulan éta bangbaluh, salasihiji tarékah anu bisa dilakukeun nyaéta ngaliwatan *pengembangan* média pangajaran aksara Sunda pikeun ngarojong pangajaran anu bisa numuwuhkeun motivasi diajar peserta didik. Anapon média pangajaran anu diperlukeun téh nyaéta anu *berbasis* aplikasi sangkan bisa luyu jeung kamekaran jaman kiwari. Salian ti éta, ayana ieu aplikasi téh dipiharep peserta didik bisa leuwih kairut kana pangajaran aksara Sunda. Wangun aplikasina ogé kudu diluyukeun jeung sababaraha tinimbangan, salasihijina diluyukeun jeung fasilitas sakola sarta anu bisa diaksés kalawan gampang.
- 2). Dina prosés ngararancang aplikasi aya dua tahap nu digunakeun, nyaéta rarancang matéri jeung nyieun *storyboard*. Dumasar kana analisis capaian pembelajaran dina kurikulum merdéka di SMA/sadarajat, ieu pangajaran aksara Sunda di kelas X téh miboga dua udagan anu kudu dihontal, nyaéta *mengalihwahanakan* (alihwahana) jeung *mengkreasi* (ngaréka). Ku kituna, dirarancang hiji aplikasi anu eusina ngawengku matéri aksara Sunda sarta dieuyeuban ku sajarah, latihan maca, latihan nulis, jeung konvérsi aksara Sunda kana aksara Latén sangkan bisa ngabantu peserta didik dina maham ugeran jeung tata cara nulis ogé maca aksara Sunda anu bener. Pikeun nangtukeun posisi nu bener jeung ngécéskeun menu atawa pidangan dina jero aplikasina, dijieun *storyboard* nu mangrupa runtuyan galur sistem nu baris dijieun sacara

gembeleng, gambar per gambar baris ditata luyu jeung posisina nepi ka ngagambarkeun hiji galur tina unggal konténana.

- 3). Prosés nyieun ieu aplikasi dumasar kana rarancang anu geus dijieun saacanna. Ieu tahap téh mangrupa inti tina métodeu *penelitian & pengembangan (R&D)* anu ngawengku dua tahap, nyaéta *pengembangan* jeung nguji *validitas* média pangajaran. Aplikasi Paraksun nu dijieun jeung dimekarkeun dina ieu panalungtikan téh jerona teu jauh tina matéri-matéri aksara Sunda. Paraksun téh mangrupa singgetan tina parigel aksara Sunda, ieu média pangajaran téh kaasup kana aplikasi multimédia interaktif nu dijieun pikeun ngirut peserta didik atawa guru sangkan bisa ngamangpaatkeun ieu média dina diajar aksara Sunda.
- 4). Uji *validasi* dilakukeun pikeun nga-*validasi* média Paraksun bisa diuji coba atawa henteu di lapangan. Tina hasil uji *validasi* ka tilu urang *validator* nyaéta ahli matéri, ahli média pangajaran, jeung guru Basa Sunda, dicangking perséntaseuna nyaéta 90,15%. Éta perséntaseu téh saupama dikonvérsi kana kualifikasi tingkat kahontalna, mangka média Paraksun kaasup kana kualifikasi cocog pisan kalawan katerangan teu kudu dirévisi. Lian ti kitu, ieu Paraksun téh can kawilang sampurna sabab aya ogé sababaraha koméntar ti validator ngeunaan kasalahan-kasalahan dina jero aplikasi. Ku kituna, sok sanajan dina kulifikasi kaasup kana teu kudu dirévisi, tapi ku panalungtik baris dirévisi anu kurangna.

5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun widang pangajaran ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban deui élmu pangaweruh dina *pengembangan* média pangajaran. Média Paraksun ogé, bisa dijadikeun média pangajaran nu bisa digunakeun ku peserta didik boh di sakola boh di luar sakola. Tuluy, pikeun guru bisa dijadikeun pakakas dina ngajarkeun aksara Sunda ka peserta didik. Pikeun mahasiswa bisa dijadikeun bahan titincakan dina ngalaksanakeun panalungtikan nu aya patalina jeung média pangajaran.

5.3 Rékoméndasi

Aya sababaraha rékoméndasi pikeun panalungtik anu séjén dina *pengembangan* aplikasi Paraksun. Modél ADDIE dina ieu panalungtikan teu dilakukeun sagemblengna ku panalungtik, tapi ngan nepi ka tahap ADD (*analysis, design, jeung development*). Ku kituna, tahap *implementation* (kagiatan maké atawa ujicoba produk) jeung *evaluation* (kagiatan ngajén kasaluyuan sakabéh tahap) bisa dilakukeun minangka lajuning laku tina ieu panalungtikan. Saupama sakabéh tahap geus dilakonan kalawan bener, mangka ieu aplikasi Paraksun téh bisa digunakeun sacara umum ogé bisa dimangpaatkeun salaku média pangajaran aksara Sunda anu geus kauji *validitas*-na jeung kualitasna dumasar kana ujicoba di lapangan.